


# Resous edikasyon espesyal

## Elèv ki gen andikap nan lekòl leta Vil Nouyòk

Siksè chak timoun se premye priyorite pou Lekòl Leta NYC (NYC Public Schools, NYCPS). Nou pran angajman pou kreye yon anviwònman sennesof ak favorab kote tout timoun ka aprann, grandi ak reyisi.

Si pitit ou a gen yon andikap ou deja konnen oswa si w gen enkyetid sou devlopman pitit ou a, aprantisaj li oswa konpòtman I, NYCPS la pou ede w. Lekòl nou yo ouvri pou tout elèv, epi nou devwe pou ofri sipò pou pitit ou a ka reyisi. Gen yon ekip pwofesyonèl lekòl ki gen ladan pwofesè, sikològ, terapis fizik, konseye ak lòt moun ki pral rankontre avè w pou diskite kòman nou ka kreye pi byen yon anviwònman aprantisaj ki favorab pou pitit ou a. Ansanm nou pral deside si pitit ou a elijib pou sèvis, sipò ak pwogram edikasyon espesyal gratis.



# Etap pou sipò ak sèvis pou andikap nan NYC Public Schools



Èske w gen nenpòt dokiman oswa lòt enfòmasyon sou andikap, sante, devlopman oswa aprantisaj pitit ou a? Nou vle gen enfòmasyon sou sa! Tanpri pataje enfòmasyon sa yo. [schools.nyc.gov/welcomecenters](https://schools.nyc.gov/welcomecenters)



Nouvo lekòl la oswa komite pou edikasyon espesyal (Committee on Special Education, CSE) ap kreye yon plan sèvis ki konparab (Comparable Service Plan, CSP) pou pitit ou a, avèk enfòmasyon oumenm oswa Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC) bay. Plan sa a pral asire sipò imedyà pou pitit ou a.



Depi pitit ou a ale lekòl, yon ekip pral kòmanse pwosesis evalyasyon an pou yon pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) fòmèl. Y ap mande w pou bay konsantman w alekri pou evalyasyon yo, pou founisè yo ka detèmine sipò, pwogram ak sèvis ki pi apwopriye yo. Ansanm n ap kreye yon plan pèsonalize pou asire pitit ou a gen aksè total ak egalego nan edikasyon piblik.

## Sèvis Edikasyon espesyal

Elèv ki gen andikap ki bezwen sèvis edikasyon espesyal gen pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP). Lyen ki pi ba yo pral gide w nan enfòmasyon ak resous detaye sou pwosesis edikasyon espesyal la. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade lyen ki pi ba yo:



Gid Fanmi Preskolè



Gid fanmi ki gen timoun ki gen laj pou ale lekòl



Pwosesis IEP



Teknoloji sipò



Edikasyon espesyal nan Vil Nouyòk



Lavi apre lekòl segondè



Pwogram espesyalize

Èske w bezwen èd oswa èske w gen kesyon?